ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№37 (24.007) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2020 гъэм и гъатхэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр кьызэгъэпэщыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэжІыныжьмкІэ къалэныжьмрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ икІи 1993 - 2002 гъэхэм кьриубыдэу кьалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкьуахэр икІи запасым щымыІэхэр 2020 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум еджэныр кьызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныжьмкІэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ цІыхухэр дзэм еджэныжьмкІэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ 2020 гъэм и гъатхэм иращэн хуей цІыхухэм я узыншагъэр кьыщащытэ, абыхэм ящыщу сымаджэу кьалъытахэр щагъэхъуж медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм ящІыгъуу, 2020 гъэм и гъатхэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр ягъэуха пІалъхэзэм кьриубыдэу кьызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм транспортымкІэ и Налшык линейнэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кІуэну цІыхухэр щызэщІагъэуІуэ, республикэм и гъущ1 гъуэгу станцэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум иращажьэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр щагъэзэщІэныр кьызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын цІыхухэр дзэ къулыкъум зэрыраджэ щыкІэм пыщІауэ екІуэкІ лэжьыгъэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм кьыщагъэлъэгъуэныр кьызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№22-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдигьэкІа Указ №22-УГ-мкІэ кьащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныжьмкІэ и комиссэм

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(комиссэм и унафэщІ)*

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(комиссэм и унафэщІым и къуэдзщ)*

Іэрыпщэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Юнармия» Урысейпсо сабий-ныбжьыщІэ дзэхэкупсэ жылагъуэ зэщІэхъеенныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и штабым и унафэщІыр

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ кьащхьэщыжьныжьмкІэ и министрыр

Бахъуэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и дзэ дохутырыр

Биту А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Бозий С. Къ. - Налшык къалэ дэт «Къалэ поликлиникэ №1» узыншагъэр хьумэныжьмкІэ кьэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм и дохутыр-отоларингологыр

Гынды гъу А. М. - дохутыр-невропатологыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и дохутырпсихиатрыр

ЗакІуий М. А. - «ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ кьэрал зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хьумэныжьмкІэ и министрыр

Куклин Ю. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и дохутыр-терапевтыр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм хиубыдэм и атаманыр

Никулинэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и фельдшерыр

Сэралъп Р. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и дохутыр-хирургыр

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Чеченовэ А. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и дохутыр-дерматовенерологыр

Шыхъуэбахъуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ Зэщ1эуэзэда Къарухэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэр

ШэнтІыкъу А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и унафэщІыр

ЯфІэунэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым (дзэ-дохутыр экспертизэмкІэ) и нэ дохутырыр

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым КъБР-м кьыбгъдэкІыу хэт сенатор Кьанокъуэ Арсен хэлъ цІыхугъэр, кьыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуиІэ гулыитэр зыхуэдизыр куэдым ящІэ.

ИДЖЫПСТУ ди кьэралри нэгъуэщІ щІыналъэ куэди зыпэщІэува гугъуехьым и хэку цІыкІур кьыхэкІа зэрыхъуным емыгупсысу кьэнакъым Кьанокъуэр. Абы Инстаграмым щІэ напэкІэщІым мы махуэхэм кьритхащ: «Эпидемием ебэныным сэри си кьару хэслъхьэну мурад сщІащ - Налшык кьалэ дэт «Синдика» интур-хьэщІэщымрэ узыншагъэр щрагъэфІакІуэзыщагъэхъуж комплексымрэ, хуэныкъуэ хьумэ, КъБР-м Узыншагъэр хьумэныжьмкІэ и министерствэм хуит хуэсщІынуц, сымаджэхэр щІагъэгъуэлъхьэн папщІэ. Зи гугъу сщІы Іуэхущ1ап1итІым гъуэгъыпІи 160-рэ щІэтщ. КъищынэмыщІауэ, иджыпсту Китай компанием зэгурыІуэныгъэ идощІыпІэ ИВЛ аппаратхэмрэ коронавирусыр кьызэрахутэ тест Іэмэпсымэхэмрэ кьэтщэхун папщІэ».

Кьанокъуэ Арсен жиІащ мы тхьэмахуэм и кІуэцІкІэ, нэкІыІупхъуэ мини 100 КъБР-м кьригъашэу, цІыхухэм пщІэнышэу хуагуэшыну. «Синдика» компаниер хьэзырщ, ди цІыхубзр узым щыхъума хъун щхьэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщ1хэм сыт и лъэныкъуэкІи защІигъэкъуэну.

«Хуабжьу си жагъуэ мэхъу уэ зэрыщІалэр ди республикэм исхэм ящыщхэми кьаэзэрыжьхэхэуар. Ауэ абыхэм я щытыкІэр нэхъыфІ мэхъу. Тхьэм ящхьэщих!

Вирусыр нэхъ зытегушхуэр ныбжь зиІэхэращ. Абы кьыхэкІыу фыкъыхуэдожь нэхъыжьхэм гулыитэ хэха яхуэфщІыну, Іэмал зэрилъэкІэ, уэрамхэм кьыдэмыгъэхьэну, ерыскъыхэкІхэмрэ хущхъуэхэмрэ кьащэхунымкІэ сэбэп фахуэхъуну. Вирусым кьихьа гугъуехьым нэрылъагъу ищІащ дунейм цІыхуу тетыр зы кхъуэ зэрыздисыр, политикэ, экономикэ зэрыщІэныгъэхэм я мызакъуэу, псэунигъэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэмкіи хуабжьу зэрызэпхар. Зы цІыхум и гупсысэ зэтеубыдам, хэлъ жэуаплныгъэм цІыху гъащІэ мин бжьыгэ елъытащ.

Си фІэщ мэхъу, эпидемиологхэм я чэнджэщхэмрэ кьэрал псор зытехьа карантин псэуКІэмрэ дытетмэ, дызыхэхуа гугъуехьыр псынщІэу кьызэрызэздзэкІыфынур.

Фи щхьэмрэ фи Іыхьлыхэмрэ фхъуми! Узыншагъэ Тхьэм кьывит!», - етх Кьанокъуэм.

Апхэдэ дэІэпыкъуныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ цІыхущхьэр кьызэрыригъэлынум шэч хэлъкъым. Дызыхуэзгъэсакъыж!

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Гулъытэ

Гугъуехьыр къызэрызэднэкІыфынур си фІэщ мэхъу

Къущхьэ Догъэн щыпсэу Тыркум и мызакъуэу, ди республикэми фІыуэ къыщащІыху. Ар усакІуэщ, уэрэдыщ, уэрэджэкІакІуэщ. И уэрэдхэрщ ар адэжь Хэкум цІэрыІуэ зэрыщыхъуари - хэхэсхэм я гъащІэр махуэ къэс зи нэгу щІэкІ, абыхэм я гуныкъуэгъуэхэр зи псэм пхыкІ щІалэм лъэмыкІыу зритауэ жыпІэ хъунущ а Іуэхум. Ар хъарзынэу къызэрехьулІэм и щыхьэтщ цІыхубзм абы и уэрэдхэр гунэс зэращыхъуар. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр абы щІыхуагъэфэщар ар цІыхубзм фІыуэ зэралъагъурщ, и творчествэр зэрафІэльап1эрщ.

Дунейм иджыпсту зыщызыубгъу коронавирусми блэкІыфакъым Догъан и къалэмыпэр - абы хуабжьу хуэхъущІэу усэ иджыблагъэ къытхуигъэхьащи, ар тыдодзэ.

КОРОНЭ

Уэ коронэ-коронэу,
Уэ коронэ мыгъуэ.
Гъущ1у мыгъуэр зи гъуэгуанэу,
Зи гъуэгуанэр хьэдрыхэ.
Гущ1эгъуншэу псэр хэзыхыу,
ПСэ хэхынкІэ зызымыгъэнщІ.
Цыхуу щыІэр зыгъэшынэ,
Уэтщ1энур къытхуэмыщІэ.
ЩІым утетми, удмыльагъу,
Уафэм уитми, дымыщІэ.
Дэнэ мыгъуэм укьнукІ,
Щхьэ мыгъуэ укьытхуэукІуэт.
КъакІуэ жытІэкІэ, утхуэмыкІуэж.
Хабзэ лъэпкъи зыхэмылъ,
Нэхъыжь-нэхъыщІэ зымыщІэ.
Мыхьэмыщх зимыІэу,
Япэ къихуэм едзакъэ.
Щэхурыпхъуэу хьэ дзэкъэкІэ,
Зи дзэкъэкІэр псэхэх.
Дыгъужь хабзэу, зиудыгъуауэ,
Дунеишхуэр кьэзыущыхь.
Игуэмыхъур зыхуэкІуэн,
Егъуэгъуэзыр зытехуэн,
Гъуэпсыр къыІурыжу,
ПІэтІауэу къытехуэн.
Уэ пшхыни дэ димыІэ,
МэкъэщІалІэм иЛыкІын.
Іэбжэ-набжэр дгъэбыдэри,
Ди бжэр быдэу едгулІащ.
Зэпытрэ зэкІэсу,
Укьыздикіам удохуж.
Гъуэгу мыгъуэм утиувэ, КОРОНЭ.

КЪУЩХЬЭ Догъэн.
27.03.2020 гъэ
Истамбыл.

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 31, *гъубж*

♦1889 гъэм Франджым и кьалащхьэ Париж къыщыІэзэІуахащ гъущІым кьыхэщІыкІа чэщанэ тІелыфджэр, Чащанэм и конструктор Эйфель Гостав абы и щхьэ дыдэм щыфІидзауэ щытащ Франджым и къэрал ныпыр. А къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэу кьалъытэ ууэзнигъэм иужькІэ фІащащ Эйфель (и унэцІэ дыдэр Бёникхуэзнэщ) и цІэр.

♦1893 гъэм США-м щыщ Джадсон Уиткомб кьигупсысащ щыгъынхэр, вакъэхэр зэрызэгуабІэ, «щыблэ» зыфІащащ Іэмэпсымэр.

♦1901 гъэм «Mercedes-Benz» япэ автомобилыр къыдагъэкІащ.

♦1909 гъэм «Титаник» кьэгухьэр щІын щІадзащ.

♦1940 гъэм. ЗыхъмэжьныгъэмкІэ Къэрал Комитетым и унафэкІэ, «Т-34» танкыщІэр куэду къыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1943 гъэм иухащ Ржев дежь щекІуэкІа зауэр. 1942 гъэм щышылъэм и 8-м къыщыщІадзауэ 1943 гъэм гъатхэпэм и 31 пщІондэ советыдзэхэмрэ фашистхэмрэ щызэпэщІэтащ абдеж.

♦1966 гъэм дунейм щыпэу СССР-м иутІыпщащ Мазэм и спутник Іэрыщ1ыр.

♦1980 гъэм Брежнев Леонид ираташ Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, и гукъэкІыжкэр щызэхуэхьаса «Малая земля», «Возрождение» тхылъхэм папщІэ.

♦1991 гъэм Варшавэ Зэгурыіуэныгъэм кьару имыІэжу кьалъытащ.

♦1991 гъэм Куржым референдум щекІуэкІащ СССР-м кьыхэкІыныем теухуауэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щІигъур и телъхьэу кьыщІэкІащ Куржыр къэрал щхьэхуэ хъунымкІэ.

♦1992 гъэм Башкирие АССР-р УФ-м хьыхьэ Башкортостан Республикэ хъуащ.

♦1992 гъэм УФ-м щІыналъэ щхьэхуэ - Журт автоном область - кьыщыізэрагъэпэщащ.

♦2014 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ Кьрымым и Іуэхухэмкіэ министерствэ.

♦Гъуэзджэм и лэжьакІуэ цІэрыІуэ, тхакІуэ, зэчий зыбгъэдэлъ цІыхухэм гъуэгу ягъуэтыным хуэлажьэу щытА **Дягилев Сергей** кьызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, литературовед, сабий таурыхъ куэд зытха **Чуковский Корней** кьызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Збруев Александр** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Гуэбэшы Амурбэч** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м и академІэ нэхъыщхьэм пщІэ зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБКъМУ-м и профессор **Пыл Іэуес** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и артист, уэрэджыІакІуэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Винокур Владимир** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Латвием щыщ уэрэджыІакІуэ, актрисэ **Вайкуле Лаймэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат, хьэрычэтыщІэ **Къуэжьокъуэ Артур** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгуэхэм дыжьын (Наганэ, 1998), жэз (Солк-Лейт Сити, 2002) медалхэр кьыщызыхьа **Буре Павел** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэрэ къыщешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 1, *бзэрэжьей*

♦Къуаалбзуэм я дунейпсо махуэщ

♦Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ. Ар щагъэлъапІэ УФ-м, апхуэдизу СНГ-м, Прибалтикэм хьыхьэ къэралхэм, США-м, Канадэм, Инджылызым, Финляндиемрэ, Испаниемрэ.

♦Иран Исльам Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ

♦1748 гъэм Помпее урым кьалэр къыщІэтІыкІыжьыр щІадзащ. Везувий вулканым ди эрэм и 79 гъэм кьибгъуэкІын щыщІидзам къриха пшахъуэмрэ сахуэмрэ а кьалэр зэрыщыту щІалъбуэу щытащ.

♦1778 гъэм США-м и доллар ныр и дамыгъэр кьагупсысащ. Нью-Орлеан щыщ хьэрычэтыщІэ Полок Оливерт абы и сурэтыр зыщІар.

♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Литвам и хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эр - иджы ЭЛТА агентствэр.

♦1931 гъэм Симферополь къыщыізэІуахащ Кърым медициня институтыр. Иджыпсту ар Вернадскэм и цІэр зезыхьэ Кърым федеральнэ университетым хьыхьэ медициня академиерщ.

♦1938 гъэм Швейцариемрэ утыку къыщрахьащ бгъэткІу хъу кофер.

♦1956 гъэм Берлин (ФРГ) къыщыізэрагъэпэщащ Германием и федеральнэ тІасхъэщІэх Іуэхущ1ап1эр.

♦1995 гъэм лэжьэн щІидзащ «Урысей жылагъуэ телевидение» каналым. Иджы абы зэреджэр «Ял» канал»».

♦2009 гъэм Албаниемрэ Хорватиемрэ НАТО-м ихъяащ.

♦Урыс тхакІуэшхуэ, дунейпсо литературэм и классик **Гоголь Николай** къызэралъхурэ илъэс 211-рэ ирокъу.

♦Германием и къэрал къулыкъущІэ, а къэралым и ялп1э кандлеру щыта **Отто фон Бисмарк** къызэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу. И тхІиягъым щхьэжІэ абы «гъущІым къыхэщІыкІа кариха пшахъуэмрэ сахуэмрэ а кьалэр зэрыщыту щІалъбуэу щытащ.

♦1778 гъэм США-м и доллар ныр и дамыгъэр кьагупсысащ. Нью-Орлеан щыщ хьэрычэтыщІэ Полок Оливерт абы и сурэтыр зыщІар.

♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Литвам и хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эр - иджы ЭЛТА агентствэр.

♦1931 гъэм Симферополь къыщыізэІуахащ Кърым медициня институтыр. Иджыпсту ар Вернадскэм и цІэр зезыхьэ Кърым федеральнэ университетым хьыхьэ медициня академиерщ.

♦1938 гъэм Швейцариемрэ утыку къыщрахьащ зрата **Яковлев Александр** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Тележурналист, Урысей телевидениэм и академием и ялп1э президенту щыта **Познер Владимир** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткэ, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Щауэжь Розэ** илъэс 90 ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ дохутыр, жылагъуэ лэжьакІуэ **Тэмазэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, Адыгэ Республикэмрэ КъБР-мрэ щыхь зиІэ я артисткэ **КІуэкІуэ Елизаветэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэрэ къыщешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къулыкъу щІэныгъэ

Кулиевэ Марьям Сергей и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №8-м и ззэыгъэкІуэ судыщІэм и къулыкъум гъэувын гъэуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм ягъэ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Кулиевэ Марьям Сергей и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №8-м и ззэыгъэкІуэ судыщІэм и къулыкъум илъэсиц1 пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№121-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ, Экономикэ политикэмкІэ, щІэм тет зыужьныгъэмрэ хъэрычэт Іуэхумкіэ и комитетхэм кьыхэгъэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныжьмрэ хъыбарегъащІэ политикэмкіэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№122-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныжьмрэ хъыбарегъащІэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщІыр хэхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныжьмрэ хъыбарегъащІэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщІу хэхын Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№123-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ щыІэ министерствэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру щыІэм ищІа докладым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру щыІэ Павлов В. П. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ щыІэ министерствэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым хэпІъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру щыІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ щыІэ министерствэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№128-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчётым хэпІъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчётыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№129-П-П

Цыхум и хуитыныгъэхэмкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым хэпІъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Цыхум и хуитыныгъэхэмкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым хэпІъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Цыхум и хуитыныгъэхэмкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2019 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№130-П-П

2020 гъэм и гъатхэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэжІыныжьмкІэ къалэныжьмрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ икІи 1993 - 2002 гъэхэм кьриубыдэу кьалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкьуахэр икІи запасым щымыІэхэр 2020 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум еджэныр кьызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныжьмкІэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ цІыхухэр дзэм еджэныжьмкІэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ 2020 гъэм и гъатхэм иращэн хуей цІыхухэм я узыншагъэр кьыщащытэ, абыхэм ящыщу сымаджэу кьалъытахэр щагъэхъуж медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм ящІыгъуу, 2020 гъэм и гъатхэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр ягъэуха пІалъхэзэм кьриубыдэу кьызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм транспортымкІэ и Налшык линейнэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кІуэну цІыхухэр щызэщІагъэуІуэ, республикэм и гъущ1 гъуэгу станцэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум иращажьэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр щагъэзэщІэныр кьызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын цІыхухэр дзэ къулыкъум зэрыраджэ щыкІэм пыщІауэ екІуэкІ лэжьыгъэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм кьыщагъэлъэгъуэныр кьызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№22-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдигьэкІа Указ №22-УГ-мкІэ кьащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэ къулыкъум еджэныжьмкІэ и комиссэм

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(комиссэм и унафэщІ)*

Пахомов Д. Ю. - Къэб



● Абы дегъэпІейтей

Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор ЛУКАШЕВ Александр:

Вирусыр хуабэм щоныгъэ

Ди дежкІэ идыпсту нэхъыщхьэр гъэмахуэ пщІондэ абы зедмыгъэубыдыныр

***Вирусыщ Іэм дуней псор бзаныхь хидзащ: COVID-2019 зыфІаща а узыфэ зэрыщІалэр къэралищ щІигъум нэсащ. Уэныншагъэр зыкъомкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къыгъэуващ пандемием и хабзэхэм псори тетын хуейуэ. Жэрахъэм я гъунапкъэхэр зэхуащІ, щІыхь кърихьалІэу зэхашэу щыта дауэдапщэхэр ирагъэкІуекІыу ядэркъым.*

Апхуэдэу щытми, дохутырхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ щІыхуэхэр къыхураджэ мыгужьеину, псори езыхэм я кІэлэ щІэтэри жаІэ. Іуэхур зытетым топсэлъыхь, щІыхуэхм мы зэманым ящІэн хуейкэр ягурегъаІуэ УФ-м и вирусолог нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ, РАН-м и член-корреспондент, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Лукашев Александр.

Сыт пандемием и хабзэхэр щІагъэувар?

- ЩІыхуэхэр зэрыгъэгужьеяуэ, хьыбар шынагъуэхэр зэІэпах. Псалъэм папщІэ, Москва и закъуэ щІыху мин тІощым а узыфэр къащыпхырыхьауэ, ауэ ар къэрал унафэщІхэм ябзыщІу жаІэ.

- Сымаджэ мин тІощІ пхуэгъэпщкІуныкъым. Ар пцІы зэфэзэщІ.

- Коронавирусыр зищІысым къытхутепсэлъыхьыт. Ар лІэужьыгъуэ куэд дыдэ хъууэ жаІэ.

- Аехэр ди планетэм къыщыщыунэхуащ илъэс мелуан бжыгъэкІэ уэзІэбэкІыжмэ. Иджыпсту щІэныгъэр щыгъуазэщ куэдым - хьэхэми, джэдуэмэ, Іэщщыхуэхэми, бдзэжьейхэми къапкърыхьэхэу зэщхьэщедз ахэр. ЩІыхуэ къеуалІэ хабзэ лІэужьыгъуиплІыр ди Іэпкъльэпкъым къемыгуэуащэурэ тпкърокІ, ОРЗ жыхуэтІэхэри абыхэм ящыщу. Гъэм и лъэхъэнэ зэблэкІыгъуэ къэс, ар къапкърохьэ пыухыу зиІэу къалъытэхэм я процентэ 10 - 15-м. 2002 гъэм Китаймэ къыщыунэхуауэ щытащ SARS коронавирусыр, атипичнэ пневмониекІэ дызэджэ узыфэр къызыпхърыкІар. Абы иубыдахэм я процентибгъуэ илыкІауэ щытащ. 2012 гъэм - MERS коронавирусыр кьежьащ. Ар нэхъ шынагъуэт - зэуэлІахэм я процент 37-м я гъащІэр ихьащ.

**- Иджы COVID-2019-р къытхыхьащ. Абы илыкІыр зыпкърыхьэхэм я процент 2 - 3-рауэ жаІэ. Уэзхуеплъмэ, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІахэм нэхъ ІэпкІ щІыхь зиІэ

Тхыдэр пІащІэрыгъуэщІкъым

МэшбащІэ Исхьэкъ и тхылъыщІэ

Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми, Къэршей-Шэрджэс Республикэми я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-м, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм я Къэрал саугъэтхэм, Шолохов Михаил и цІэкІэ щыІэ, ДАХ-м я дунейпсо саугъэхэм, Островскэ Николай и цІэкІэ щыІэ саугъэтым я лауреат МэшбащІэ Исхьэкъ и ІэдакІэ зэхэзымыха адыгэ щыІэу къыщІэкІынкъым.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ 1930 гъэм накъыгъэм и 28-м Уарп Іуфэ Іус Щхьэщэхэр къуажэм щыщІалъхуащ. Горький Максим и цІэр зэрихьэу Мэзкоу дэт Литературэ институтыр 1957 гъэм фІы дыдэу къиухри, щалъхуа Хэкум къыгъэзэжауэ нобэр къыздэсым гуащІафІэу адыгэ литературэм хуолажьэ. «Социалистическэ Адыгей» газетым и кудамэм и пашэу иригъажьэри, МэшбащІэр «Зэкъуэшныгъэ» журналым и унафэщІу щытащ, Адыгэ Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ.

Исхьэкъ тхылъ 70-м щІигъу и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Абы лъэпкъ литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэну инщ. ТхакІуэшхуэм и романхэр, повесткэр, усэхэр, поэмэхэр мыкІуэдыжьын ящІ ахэр лъэпкъым и гупсэм къыпсалъэкІыу, и блокІэмрэ и нобэмрэ зэпишэну щІэблэр пщэдейм хуригъэплъэкІыу зэрыщытым. «Сэ адыгэм и щхьэм кърикІуа гуаузращ тхакІуэ сызыщІар. И лъэпкъ тхыдэр фІыуэ зымыщІэр, зыхэзымыщІэр тхакІуэ хъуфынукъым, зыужь, жьыжь нэсыфынукъым, - жеІэ МэшбащІэм. - Епщыкіуэанэ лІэщІыгъуэм къыщыщІэдзауэ адыгэм и тхыдэр, абы и щхьэм кърикІуа гуаузр къыщыщІэльагъуэ си тхылъхэм».

Зи къалэмыпэр мыубзэщъхьэжу адыгэм хуэлажьэ МэшбащІэ Исхьэкъщ зытхар куэдым я гум дыхьа «Бзаикъуэ зауэ», «Мывэ щхьэп», «Хьан-Джрий», «Гъэрит!», «Ридадз», «КъуэкъпІэмрэ Къуэкіыпіэмрэ», «Хьэпишэт», «Адыгэ-хэр», нэгъуэщІхэр. Абы и фІыгъуэ жеІэ тхакІуэр и бзэкІэ мытхэмэ, къызыхэкІа лъэпкъым и анэдэлхъубзэкІэ емыпсалъэмэ, жиІэну зыхуейм и нэхъыбэр къимыІуатэу зэрыблокІынур. Исхьэкъ и адыгэбзэр зышэщІри, зэ узыІууэ гупсысэр зетІуанэу пІащІэмыкІыжу бзэ зэгъэпэщакІэ тха щыІри арагъэнущ жыпІэу урегъэгупсыс. Апхуэдэу щыт пэтми, МэшбащІэм и тхыгъэхэр хамэбзэ куэдкІэ зэрадзэкІауэ щыІэщ. Абыхэм зыщагъэзгъэзэну Іэмал яІэщ зэкъум щыщхэми, хамэщ къыщыхъуэхэми, адыгэм и тхыдэр зыфІэгъэщІэгъуэн нэгъуэщ лъэпкъ щыщхэми.

Иджыблагъэ Къэбэрдейм и блэкІам щыщ зы напэкІуэцІ къызэзыгъэдзэкІ зы тхыгъэщІэ Исхьэкъ тхылъеджэм и пащхьэ кьуриІэльащ. Ар теухуащ адыгэм и тхыдэм и кІуэцІкІэ къыщыхъуэ нэхъ зауэ гуащІэхэм ящыщ щхьи - Кьэнжал зауэм. «Тхыдэр пІащІэрыгъуэщІкъым», жаІэ. ГущІэм зезыгъэгъазэ блэкІам хуэдизкІэ псалъэ къыхуэбгъуэтыщфмэ, адэжьхэм я лІыгъэ и хьэкъ закъуэкъым птыр, щІэблэми ГъащІэ гъэмылэ бгъэдыбольхьэф. Псалъэм хуэдизкІэ МэшбащІэм ар къызэрехъулІам зэм хэлъхьам.

Нобэ «Адыгэ псалъэм» Исхьэкъ и романыщІэм щыщ пычыгъуэхэр тедзэн щІедзэ. Ар редакцэм треухуэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхакІуэр илъэс 90 зэрырикъум.

ТАБЫЩ Мурат.

Адыгэ дунейм фІыуэ къыщащІыху журналист Іэзэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд зэгуэрым си деж ЬэпсалъэуІ къыСхуигъэльэгъуа жэрдэмкІэ гъэщІэгъэнэ дыдэт... Сэлам-чэламым бгыкІэлъыкІуэу, Хьэфыщіэм сыщигъэгъуэзащ Къэбэрдейм ис щІэныгъэлІэхэм кьафъэдзкІ лъэІум: адыгэ тхыдэм лъэпсырытхуу хьыхь Кьэнжал зауэр роман жыпІэхкІэ стхыжьну кьыздзрысщыгугъэхэм.

«Кьэнжал зауэ...» - сыхэгупсысыхьащ сэри. Адыгэ лъэпкъ зэхэщІыкІэм зэи иІагъэнкъым а псантхуэ уІэгъэм нэхърэ нэхъ дыркъуэ гуажэ. ФІыуэ сыщыгуаззт а пасэрей тхыдэм и пСэзэпльпхэпІэхэм, итІани, гуауэ гуІэхьэкІжэхэр кьыздзыщхуэжарэ сыгуитІщхьитІу зызохъуныщІэ:

- Къэбэрдейм тхакІуэ хьэлэмэтхэр исщ. Езыхэм ятхыжмэ, жиІэнкъыфІу пІэрэт?..

- Пэжщ жыпІэр, апхуэдэу щытми, уэ уи щыпэкъым тхыдэ роман. ХъуэІэжьащ. Псэм зэакъылІагъуэ мыпхуэздэ Іуэхуи уэ нэхъ кІэлу уэрэрехъулІэнумкІэ. «БаІуэ нэхърэ - бащІэ» - жаІэркъэ... - трегъэчыныхьэ Мухьэмэди.

- ФІыщІэ фхузощІ апхуэдэ дзыхь кьыззэрыздэфлъагъуи папщІэ. Сыгупсысэнщ. Псори Тхьэм и Іэмырщ.

Пасэрей зэманым ди лакъуэжьхэм кьызыкъуахьгъа лІыгъэм и тепльэгъуэ кІэщІхэр иджы сагъэпейтейуэ кьыслъкъыхьэрщІ, язэхэсхьа хуэпсэ есщІэжьжурэ сызыІэпашэрт.

Сапхъуатэрт лІащІыгъуэ жьыпІэхэм. Апхуэдэ махуэхэм языхэзым Хьэфыщіэм дежэ сопсалъэри:

- Іупщіу бжесІэфынкъым, Мухьэмэд, сюжетыр дауэрэ кьызэрытІэхтыкІынуми, ауэ романыр тхын щІэздзэнч сыхьэзырщ.

I

ЩЭДЖАЩЭТ Кавказ Ищхъэрэм щыІэ пасэрей адыгэ дунейм. Абы и гъунапкъэхэм зэщІауэаерт Кьаспэ хъм щегъэжьауэ хы ФІыцІэмрэ хы Іуэзэвымрэ ентІэІэуэ щІыналъэр - шыилъыгъуэфІу минхэр зи кІыхьагъэ, щитхур зи бгъуагъэ щхьэр. Кавказ къурш зэхэтхэм я ГъалагІэ Іуащхьэмахуэ и щыгу укъыхьэрэ зыкъыуІлІыхьамэ, нэкІэ къыпхуэзэльащІэсырэтхьам а лъаХэ Іумахуэм и ГъунапкъэІэ нэзхэр. Дыгъэр щІэращІэу къыщІхьэщыгуфІэрэ, мазэр укІытэкІыу къыщІхьэщыхуапсэу лІащІыгъуищ бжыгъэкІэрэ псэуа хэкум исхэр адыгэкІэ зэджэжхэрт, языныкъуэхэми щэрджэсу' залъытэрт.

Бзэмрэ хабзэ-бзыпхъэмрэ зэдайэу, зы адыгэ щхьи купсэм зи псэ иэзгъа а лъэпкъыр Іакъуэ зыбжанэрэ зэтеощІыкІыжат. Ижь-ижьыжьмэ, щхьэж и щІыналъэ иІэжу, къыщежьэрт Къэбэрдейм, Беслъэнейм, Абазэхэм, КІэмыргуейм, Убыхым, Мэхъуэшым, Еджэрыкъуейм, Хьэтыкъуейм, Шапсигъым, Жанеим, Бжьэдыгъуэм, Натыхъуейм я тхыдэ ГъагъэкІэ. Абыхэм ящыщу Абазэхэмрэ Шапсигъымрэ пщы тетыгъэм ибжь зэи зытезымыгъэхьа лІакъуэ щхьэхуитхэт, ауэ щыхъуКІи, зэрегуакІуэтэкъым ахэр - ткІийуэ тетт нэхъыжьжыгъуэм лІащІыгъэкІэрэ ягъэзэжа, иджьнстуи щІэблэм ягъэбжьыфІэ адыгэ хабзэ Іущым. Зи уэлиигъэ пщым и унафэм хабзэкІэ щІэту къэгъуэгурыкІуэрт Къэбэрдейр, Беслъэнейр, КІэмыргуейр, Бжьэдыгъуэр, Хьэтыкъуейр, Еджэрыкъуейр, Натыхъуейр, Жанейр.

Къэбэрдей лъахэр пасэ ІэнадзэрэпщыгъуитІым я тепщэгъуэ зэбгъуэзнатІэт: Тальэостэнейм рэ (Къэбэрдеишхуэ) Джьлахъстэнеймрэ (Къэбэрдей цІыкІу). Лъахэр пщыгъуитІ дыкъуэкъуэмэ, жылагъуэм зыдиукъуэдийрэкъым. ЛІыфІыгъэкІэ зэрытемыгъакІуэ къэбэрдеипщэхэм, зым и ІупщІэр адрейм и щхьэщІыбу, хамэ дзщІакІуэ щалъыхьэрт. Я гъунэгъу къыхэхьэкІэри щхьэзыфІэфІ щэным и хьэрисхъуэрист. Псым итхьэлэм блэм зрешыхьэкІ жьыхуаІэрати, Тальэостэнейр, бжьжьыгъэблагъэ зищІуэрэ, КьрымымкІэ еущэкІырт; Джьлахъстэнейри, благъэжьыр имыгъэкІуэд хуэдэурэ, УрысеймкІэ ещэтэкІырт. Зы адыгэ ІакъуэІ зэпэщыу къызэригъэщІар ящыгъупщэуэ къэбэрдеипщэм адэжь лъахэр чэрэчэм иралъэфалІэрт.

Зи Іуныджьым фІэлІыкІышхуэ иІа пщы уэлийхэу Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэрэ ХьэтІохъэущокъуэ Къазийрэ уднейм цехыжьым, абыхэм кІащІэна тетыгъуэм къыдызэщІэт хьэргъэшыргъэр Къэбэрдеиещым и лъаджэгъуэ гуэрэфу зэщІэшэсат.

«Гъунэгъу гуаназэщІ, унагъуэ гуаниБгъуэ» жызыІа лъэпкъ Іущыгъэм и саулыкъуэри хьэзырыхэстри, дагъыстэн щэмхэл, хьэмэрэ къалмыкъ хъан, е нэгъуэй-пыхъуэпшэс жыпІэн - псори, ІужэжагъэкІэ зыр адрейм екъэехуэу, зэкІэрдеипщ пщтырыпхъэм я зэхуакъ щыІуитІбзитт. ЛІыфІыгъэ жагъын зэфыкІэу, зэрымыгъэпщ-зэрымыгъэтхъэхэм я къаугъэм фейдэ хьилагъэ ирищІэкІыжурэ бзаджжёнуэ щІэуштэрт Тыркыр. Курыш хъанагъуэр зи кІэпкъ дзэыгъэззгъа Тырку сэгъэйр иджьпІстуи нэхъуеинщэу фейдэщІэхт. Курыш хъанхэрати, Чынгызыжьым и лІэужьу залъытэжырт, абы кьыжэкІыуи, адэгъэ зэгуэр Чынгызэ-хъаньмэ тІыщІэкІэ Іупхъэ къуэды зытрикъуа Къэбэрдей щІыналъэр иджы езыхэм я адэжь щІэину закъыфІэщІыжьт. Зэрытым илпэрэ зэрыпІым щІылэбзу къэгъуэгурыкІуэ хъанадзэм Къэбэрдейр яуфэкъа пэтми, Кьрымым зигъэнщІыртэкъым.

БыныжмкІэ, мыпІукІэ къызэтеувыІэрэт Кьрым тэтэрым кьифыщІ тыхьыр?! Хэкум ирашырт щІалэ узынщэ щІыкІухэр - зауэлІыпхъэу; пщащэ кІэпсфэпсэ кьабзэхэр - хьэрэм лэгъунэхэм я Іэдэлысэу. Хъанадзэр пІалъэ-ІналъэкІэрэ щыфыщІэ Къэбэрдей лъахэр, мащІэ зыпхъкІа хаущэ щэджэладжат. Мыгъэр я мыгъат а тыхь гъэвалъуейр зи фэ дэкІ щІыхуэкъэм. Къэсыр къытехуэу кьызэхэна къэбэрдей жылэхэм БэІуТІэІуу зыхэхуэмкІэ ягъэкъуаншэр къэбэрдеипщхэрт. Ардыдэрт езыз пщы уэлийхэми гъунэгъу-дзщІэгъу хамэ хэкухэм кьыщІыщалъхьуэхэм и щхьэусыгъуэри.

Пщы уэлийхэр дзщІакІуэу зыщыгугъ дэтхэнэ зы гъунэгъуми и кІэІэ Къэбэрдейр кІапэ дагъэм и гурыІу хъуэпсапІэт. Уэс тхьэхуэр зи нур Іуащхьэмахуэ и лъапэхэр щІыбатэ вагъапхъэт. Мэз жьыПэнымэ, мы щІыналъэр абыкІи Тхьэм кІыбгъат - тафэ мэзхэмрэ кьурш мэзхэмрэ я ипэ-ипэр щхьуантІагъат. Бананцім уэфу зэщІищта Іуащхьэ зэпэщхьэхуэм я лъащхьэхэр хьун бэгъуауэ ІэхьупІэ къуэтат. Нэри пэри зыжь а лъэхэ щІэращІэм зэ иплпэгъар, дауэ, цыкІыфэкІыкІэ икІуэтыжьртэкъым. Гъунэгъу нащІэрыфэмрэ благъэ нэфырегъуэмрэ зэпатхъырт КъэбэрдеищІыр.

Щ1ЭблэІ къащыщІэхъуэрэ благъэгъэкІэ бын зызэхуагъуэту; кьалъхум щыгуфІыкІрэ зи уахъты къэсар машэм ирахьхьыжу, щыху дахэхэр щыпсэурт а щІыналъэм. ҒуфІэгъуэри гуауэри ипхъэхыку къащІэпщэ къурш жьыбгъэхэмкІэ псыхат ахэр. Лъахэм кьыщхьащхьэ гъэмахуэ щыблпэжмрэ бжьыхьэ уэрбанэхэмкІэ гъэщІат ахэр. Пшэху бырыбхэм цІычэу кьахэзыхьдэ уафэхъуэпскІэри, щІымахуэ шылэм щатэ-щхъэщхъэщу къеІуущэщхьыурэ жьыфий гуагъуэм ипхъуэтэж уэсхэри абыхэм я нэкунапІэт.

ДЫГЪУАСЭ хуэдэщ щІымахуэр ешу щикІуэтэжьар, итІани, гъатхэм и пасэр пІэщІэгъуэкІэ къыужьгъэри, тафэ хуэдизкІэ къыужьгъэри, къащІщий хужьыпсым зэщІихэупыкІащ пхъэщхьэмыщхэ жьыгхэм я къуащІэр. Арщхьэкіэ гухэщт егъужьым зэпиІыгъ Бахъсэн псыхъуэм зыи егуапэртхьэм дунейм и гъатхэ Іупэр. Гупсысэ мыщхьэпхэр и набжьэу унэм кьыщІэзыыкІа пщы уэлийми гу лъиитІэххэ хуэдэт гъатхэ зыкъизыхьыи и убзэ шэрашэм. НэгъуэщІ шабэт Хьэтіохъуэщокъуэ Кургъуокъуэ иджьпсту гурыІуэзэкІэ икІыщтэр. Къэбэрдейм и пщы уэлийр мыпІащэу гъэмахуэ пырхъуэм ирокІыкІ. Хьэтіохъуэщокъуэр суІ щыгъуи игъэгуаузщхьэуэрт къэбэрдеипщэм яку илъ эрдауэ-къауГъэм, ауэ мызыгъуэгукІэ, дапщэщи хуэмыдзкъ, Іуэхур іэлпІэгъуэщ... Къэбэрдей бжэІум гуэзвэгъуэбэ къыІууващ. Дыгъуасэ а хъыбар щхьэкІуэр къэзыгъэІэуасахэм зэраІуатэмкІэ, Кьрымымкьым аргуэру зауэу кьежьэну зегъэхьэзащ. Пщы уэлийм иджьпсту зэригъэзащхуэрт «Гугъуехь щэчыгъуафІэщ» жызыІа пасэрейм и щІагъыбзэр. Цыхур гугъуехьым хэмыкІыурэ псэуму, а щыгъыкІэр и хэгъэрейщ. Иосэж... икІи щІэупщІэркъым и щхьэусыгъуэхэм, кьилъхьэуэжьыркъым зэкІыпІэхэр. Апхуэдэхэхэрэ, зэгуэр цІыхуу щытар, и сэфэтым иокІри, псэущхьэ еупІэхам хуэдэу дунейм кьытонэ. Апхуэдэм и акъылымрэ гурыщІэмрэ къэбгъэукъуэбийуэ псэукІэ щхьэхуитым и мардэхэм щІэбгъэхъуэпсым папщІэ, егъэлареуэ гуащІэ пЬэм уэрейщ. Зи зэхэщІыкІыр а хьэупсапІэм ентІэІуаэхэр зыбжанэ нэхърэ нэхъыбэ мыхъуми, а зыбжанэри щхьэпэщ хэкум кьыщхьэщыгъуагъуэ икІагъэм ихьэшым лъэпкъыр, ипкъ мышу, кьыщІэпхъкІ папщІэ. Ар зыхуэзфІэкІкІи лІым и напэт адыгэ-шэрджэсхэм я пащхьэ щыкъабзэр...

Нэгъабэ (1707 гъэм) Менлы-Джэрий кърым шупашэр мин бжыгъэкэр и дзащхьэу Къэбэрдейм кьыщытеуам, Хьэтіохъуэщокъуэ пщы уэлийр зримыусыгъуэджэу, тридзэри кІуат дзэхэм я пашэм и шэтырпІэм. КІуат, къэбэрдейхэр кърым Іулъхьэ тыхьым зэпрыхъуэнщІаери, хъаныдзэм и хъунщІэфыщІэр щІыхум зэрахуэмыигъэкъаруужри гуригъэІуэу, псынкІыхьитІми я Іупэ Іуэзымыудын хэкІыпІэ ёзэгъыраб гъуэкІэзэщІалуКІын и гугъэу. Арщхьэкіэ!.. «Си псалъэрщ унафэр, уи псалъэркъым!» - жиІэри шупашэ щхьэзыфІэфІым и лулэм иль сахуэр Къэбэрдей пщы уэлийм и щхьэм ксыфІкІуітащ...

Зи Іуныджьым фІэлІыкІышхуэ иІа пщы уэлийхэу Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэрэ Хьэтіохъуэщокъуэ Къазийрэ дунейм цехыжьым, абыхэм кІащІэна тетыгъэм къыдызэщІэт хьэргъэшыргъэр Къэбэрдеиещым и лъаджэгъуэ гуэрэфу зэщІэшэсат.

«Гъунэгъу гуаназэщІ, унагъуэ гуаниБгъуэ» жызыІа лъэпкъ Іущыгъэм и саулыкъуэри хьэзырыхэстри, дагъыстэн щэмхэл, хьэмэрэ къалмыкъ хъан, е нэгъуэй-пыхъуэпшэс жыпІэн - псори, ІужэжагъэкІэ зыр адрейм екъэехуэу, зэкІэрдеипщ пщтырыпхъэм я зэхуакъ щыІуитІбзитт. ЛІыфІыгъэ жагъын зэфыкІэу, зэрымыгъэпщ-зэрымыгъэтхъэхэм я къаугъэм фейдэ хьилагъэ ирищІэкІыжурэ бзаджжёнуэ щІэуштэрт Тыркыр. Курыш хъанагъуэр зи кІэпкъ дзэыгъэззгъа Тырку сэгъэйр иджьпстуи нэхъуеинщэу фейдэщІэхт. Курыш хъанхэрати, Чынгызыжьым и лІэужьу залъытэжырт, абы кьыжэкІыуи, адэгъэ зэгуэр Чынгызэ-хъаньмэ тІыщІэкІэ Іулъхьэ къуэды зытрикъуа Къэбэрдей щІыналъэр иджы езыхэм я адэжь щІэину закъыфІэщІыжьт. Зэрытым илпэрэ зэрыпІым щІылэбзу къэгъуэгурыкІуэ хъанадзэм Къэбэрдейр яуфэкъа пэтми, Кьрымым зигъэнщІыртэкъым.

Быныжмкіэ, мыпІукІэ къызэтеувыІэрэт Кьрым тэтэрым кьифыщІ тыхьыр?! Хэкум ирашырт щІалэ узынщэ щІыкІухэр - зауэлІыпхъэу; пщащэ кІэпсфэпсэ кьабзэхэр - хьэрэм лэгъунэхэм я Іэдэлысэу. Хъанадзэр пІалъэ-ІналъэкІэрэ щыфыщІэ Къэбэрдей лъахэр, мащІэ зыпхъкІа хаущэ щэджэладжат. Мыгъэр я мыгъат а тыхь гъэвалъуейр зи фэ дэкІ щІыхуэкъэм. Къэсыр къытехуэу кьызэхэна къэбэрдей жылэхэм БэІуТІэІуу зыхэхуэмкІэ ягъэкъуаншэр къэбэрдеипщхэрт. Ардыдэрт езыз пщы уэлийхэми гъунэгъу-дзщІэгъу хамэ хэкухэм кьыщІыщалъхьуэхэм и щхьэусыгъуэри.

Пщы уэлийхэр дзщІакІуэу зыщыгугъ дэтхэнэ зы гъунэгъуми и кІэІэ Къэбэрдейр кІапэ дагъэм и гурыІу хъуэпсапІэт. Уэс тхьэхуэр зи нур Іуащхьэмахуэ и лъапэхэр щІыбатэ вагъапхъэт. Мэз жьыПэнымэ, мы щІыналъэр абыкІи Тхьэм кІыбгъат - тафэ мэзхэмрэ кьурш мэзхэмрэ я ипэ-ипэр щхьуантІагъат. Бананцім уэфу зэщІищта Іуащхьэ зэпэщхьэхуэм я лъащхьэхэр хьун бэгъуауэ ІэхьупІэ къуэтат. Нэри пэри зыжь а лъэхэ щІэращІэм зэ иплпэгъар, дауэ, цыкІыфэкІыкІэ икІуэтыжьртэкъым. Гъунэгъу нащІэрыфэмрэ благъэ нэфырегъуэмрэ зэпатхъырт Къэбэрдеищ1ыр.

- Махуэ кІэщІым и кІэщІыпІэ тхэнэйрэ Алыхьым и пащхьэ дыщытІыдыщыщтэджьжу нэмэз тщІы щхьэкІэ, зиусхэн, зэчыбгъ изощІэкІ ар фІыкІэ кьыззэрытхуэупсэм. Мыдэ, Ашабэ Миншакъ и жьыІэкІэр: «ДолъалуэрэІ - дынэІуэскъым, дыщынэІуэсим, мэуплъэщхъуэрэ къытІуплъэхэрщ. ИтІани, хэт иІэрэ жьыхуэтІэу, зыщыдмыгъэгъупщэр и щІэнэгъэрщ...»

- Гуп дыгъэл гуэру фызэрихьэлІати, а фызытеухьам тепщІыхьмэ..., - Къэбэрдей пщы уэлийр и пащІэкІэ щІэдыхьэшхыкІ. - А зи щхьэфэ фиІэбам фызэхимыхауэ къыщІэкІ, армыхъумэ, хэт ищІэн фи щхьэ кърикІуэнур?

- Зыри худи3малкъым. Тыркум залымыгъэкІэ ислъам диныр адыгэхэм къаригъащтэри, сэр дыдэми зыдзэгъэшащ абы. Си жэуапыри: адрей адыгэхэр зэрыхьуу дэри дыхъунщ. ЗэрыжаІэу, «Зым и нэщІ еІыгъ, адрейм и хъуп еунэщІ».

Хьэтіохъуэщокъуэ пщым игу иригъаІ кьым уэрэкъ щІалэ жьэнахуэм и жьІэр, итІани, уэим ар имыщІу, кІэгуэгурэ блыным пэгъунэгъуу тІысац. Алэрыбгъу къуэлэныщхуэкІэ къуэфэха хьэщІщ блным фІэдзат дыжьын сампІэу къамэ дэгъуэ, дохьутэй зэрыІыгъ екІу, уанэш щІопщ.

- ТІысыт. Ущымыт, - зыхуигъэзащ пщым зы пІэм иуджьхьу кьыщІэщыт Жэбагъы.

- Пщы уэлий пащхьэ сыщыхабзэкъуэтэт? Тетыгъуэр зеІэм дыщъэщытынкІэ адыгэ хабзэ хьэкъщ.

- СыщыгуІэзэщ уи хабзэ-щэм. Жьлэм укъащІыху. УтІыс хъунущ.

- УзыгъэтІыс уимыубыжу щыжаІэкІэ, сетІысэхэщ. Сыт хуэдэ Іуэхум сыкъыхеджажа? СынодаІуэ.

- Мыр Іэжьъэкъуэ ипчыныи! Псалъэмакъ тІысхьэжьмы ар... Гупсысэн уэйщ, - хэкъуэзэ губгъэни хэлъу тригъэчыныхьэщ пщы уэлийм.

Жэбагъы и псэлъэкІэр Хьэтіохъуэщокъуэм игу ирихьатхьэкІ: «Иджыри щІалэІуэзэ ар. Нэхъыжьым апхуэдэурэ епсэлъылІэну ксемыизэгъщ», - итІани, пщым зишыІэри, щІалэ гурэпкІырэм и гушхуэныгъэ жьэхъуэм гу ІыимыІанэпІу, нэмыплпэм ирилъхьуэрэ:

- Узахуэщ. Адрей адыгэхэр зэрыкъуу дэри дыхъунщ. Арщхьэкіэ нэгъуэщІу сэ сызыхуэІэмалынщэр - зэгурыІуэзэдэІуэж е унафэу, е жьэгуфэу зэрыдимыІэрщ.

- Ярэби, мы дунейм тету пІэрэ зы лІакъуэ, зыр здэплъэкІэ адрейхэри зэнэзэпІэну ежьІуэрэ? - щІэупщІащ Жэбагъыи, и щхьэ жэуап иритыжащ: - Тету кьыщІэкІынкъым. Теткъым...

Пщыр Іэджэм иригъэгупсысащ Жэбагъырэ езымрэ я псалъэмакъ зэхэублэкІэм. Пкъы Іэчлъэчым хуэмыфэщэн жьы щІэту, Хьэтіохъуэщокъуэм зэуэ зыкъыІэтри, уэрэшэрэгъу зэриІэр щІыгъупщажа хуэдэ, зыбжанэрэ зэхэщІэр. Пщы уэлийм и шу гъуэсжэм яриуІэкІ нэхъей:

- Сымыплпэущхьумэ, ящыщ щыр Жэбагъы и уанэшщ... - еплъыІуэри щІигъужащ: - Сэ ЗэуэІ, сыщыуакъым. ЗекІуэ кьикІыжу арагъэнщ мы гупыр? - пщыр и шым ельэджьауэри:

- Шэджагъуэм ирихьэлІэу Къэзаноокъуэр нысхуебгъэгъну хъыбар ешІэщІэ!

...ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ пщы уэлийр къашырГэпэу задзу жьэнкъыпІэ дыкъуакъэт, лІы пащІагъуэ набдзапщІэу натІабгъуэт, нэ къащхьэт. Езыр лІы Іэчлъэчышхуэу, зэІэщІэлъ щхьэпэлъагэт, пкъы задзр хуэфІу ист дыжьын хьэзыр Іупэкэр кьызытеет цеищхъуэ пІащІэм. Иджьпсту пщыр кьикІуэІ-никІуэкІырт: щхьэгубгъэжм ирихуІэрти зыкъыгъаззрт; кьикІуэтыжурэ блным нэсырти, аргуэру щхьэгъубжэмкІэ игъэзэжырт. Гъатхэ махуэм хуиту хуэзІуГъэуэзэщІкІа щхьэгъубжэм дежь щІэзтеевыІэри, пщы уэлийм и нэхэр жьыкъэрыпльэу хьэуам хэлпІыкъыхьащ. Арыхъэуи, бжэр зыгуэрым къыІууэ къыфІэщІри, кьызэпІыкъыжащ. ХьэщІэщым къыщІыхьащ ІлІы напэпкъ кІыхь, натІэ ІьагэІ. Ильэс тІощІрэ тхурэ и ныбжьынт а лІы куапІэ къуэгъум. Къэзаноокъуэ Жэбагъыт ар.

- Махуэфі сыкъыпхуихьауэ, зиусхэн! - фІэхъыс къытащ Къэзаноокъуэм.

- Алыхьым уиузащІ, Жэбагъы! Къеблагъэ! ТІыс.



Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

МэшбащІэ Исхьэкъ

Уафэгъыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

ЩІэблэ къащыщІэхъуэрэ благъэгъэкІэ бын зызэхуагъуэту; кьалъхум щыгуфІыкІрэ зи уахъты къэсар машэм ирахьхьыжу, щыху дахэхэр щыпсэурт а щІыналъэм. ҒуфІэгъуэри гуауэри ипхъэхыку къащІэпщэ къурш жьыбгъэхэмкІэ псыхат ахэр. Лъахэм кьыщхьащхьэ гъэмахуэ щыблпэжмрэ бжьыхьэ уэрбанэхэмкІэ гъэщІат ахэр. Пшэху бырыбхэм цІычэу кьахэзыхьдэ уафэхъуэпскІэри, щІымахуэ шылэм щатэ-щхъэщхъэщу къеІуущэщхьыурэ жьыфий гуагъуэм ипхъуэтэж уэсхэри абыхэм я нэкунапІэт.

ДЫГЪУАСЭ хуэдэщ щІымахуэр ешу щикІуэтэжьар, итІани, гъатхэм и пасэр пІэщІэгъуэкІэ къыужьгъэри, тафэ хуэдизкІэ къыужьгъэри, къащІщий хужьыпсым зэщІихэупыкІащ пхъэщхьэмыщхэ жьыгхэм я къуащІэр. Арщхьэкіэ гухэщт егъужьым зэпиІыгъ Бахъсэн псыхъуэм зыи егуапэртхьэм дунейм и гъатхэ Іупэр. Гупсысэ мыщхьэпхэр и набжьэу унэм кьыщІэзыыкІа пщы уэлийми гу лъиитІэххэ хуэдэт гъатхэ зыкъизыхьыи и убзэ шэрашэм. НэгъуэщІ шабэт Хьэтіохъуэщокъуэ Кургъуокъуэ иджьпсту гурыІуэзэкІэ икІыщтэр. Къэбэрдейм и пщы уэлийр мыпІащэу гъэмахуэ пырхъуэм ирокІыкІ. Хьэтіохъуэщокъуэр суІ щыгъуи игъэгуаузщхьэуэрт къэбэрдеипщэм яку илъ эрдауэ-къауГъэм, ауэ мызыгъуэгукІэ, дапщэщи хуэмыдзкъ, Іуэхур іэлпІэгъуэщ... Къэбэрдей бжэІум гуэзвэгъуэбэ къыІууващ. Дыгъуасэ а хъыбар щхьэкІуэр къэзыгъэІэуасахэм зэраІуатэмкІэ, Кьрымымкьым аргуэру зауэу кьежьэну зегъэхьэзащ. Пщы уэлийм иджьпсту зэригъэзащхуэрт «Гугъуехь щэчыгъуафІэщ» жызыІа пасэрейм и щІагъыбзэр. Цыхур гугъуехьым хэмыкІыурэ псэуму, а щыгъыкІэр и хэгъэрейщ. Иосэж... икІи щІэупщІэркъым и щхьэусыгъуэхэм, кьилъхьэуэжьыркъым зэкІыпІэхэр. Апхуэдэхэхэрэ, зэгуэр цІыхуу щытар, и сэфэтым иокІри, псэущхьэ еупІэхам хуэдэу дунейм кьытонэ. Апхуэдэм и акъылымрэ гурыщІэмрэ къэбгъэуэкъуэбийуэ псэукІэ щхьэхуитым и мардэхэм щІэбгъэхъуэпсым папщІэ, егъэлареуэ гуащІэ пЬэм уэрейщ. Зи зэхэщІыкІыр а хьэупсапІэм ентІэІуаэхэр зыбжанэ нэхърэ нэхъыбэ мыхъуми, а зыбжанэри щхьэпэщ хэкум кьыщхьэщыгъуагъуэ икІагъэм ихьэшым лъэпкъыр, ипкъ мышу, кьыщІэпхъкІ папщІэ. Ар зыхуэзфІэкІкІи лІым и напэт адыгэ-шэрджэсхэм я пащхьэ щыкъабзэр...

Нэгъабэ (1707 гъэм) Менлы-Джэрий кърым шупашэр мин бжыгъэкэр и дзащхьэу Къэбэрдейм кьыщытеуам, Хьэтіохъуэщокъуэ пщы уэлийр зримыусыгъуэджэу, тридзэри кІуат дзэхэм я пашэм и шэтырпІэм. КІуат, къэбэрдейхэр кърым Іулъхьэ тыхьым зэпрыхъуэнщІаери, хъаныдзэм и хъунщІэфыщІэр щІыхум зэрахуэмыигъэкъаруужри гуригъэІуэу, псынкІыхьитІми я Іупэ Іуэзымыудын хэкІыпІэ ёзэгъыраб гъуэкІэзэщІалуКІын и гугъэу. Арщхьэкіэ!.. «Си псалъэрщ унафэр, уи псалъэркъым!» - жиІэри шупашэ щхьэзыфІэфІым и лулэм иль сахуэр Къэбэрдей пщы уэлийм и щхьэм ксыфІкІуітащ...

Зи Іуныджьым фІэлІыкІышхуэ иІа пщы уэлийхэу Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэрэ Хьэтіохъуэщокъуэ Къазийрэ дунейм цехыжьым, абыхэм кІащІэна тетыгъэм къыдызэщІэт хьэргъэшыргъэр Къэбэрдеиещым и лъаджэгъуэ гуэрэфу зэщІэшэсат.

«Гъунэгъу гуаназэщІ, унагъуэ гуаниБгъуэ» жызыІа лъэпкъ Іущыгъэм и саулыкъуэри хьэзырыхэстри, дагъыстэн щэмхэл, хьэмэрэ къалмыкъ хъан, е нэгъуэй-пыхъуэпшэс жыпІэн - псори, ІужэжагъэкІэ зыр адрейм екъэехуэу, зэкІэрдеипщ пщтырыпхъэм я зэхуакъ щыІуитІбзитт. ЛІыфІыгъэ жагъын зэфыкІэу, зэрымыгъэпщ-зэрымыгъэтхъэхэм я къаугъэм фейдэ хьилагъэ ирищІэкІыжурэ бзаджжёнуэ щІэуштэрт Тыркыр. Курыш хъанагъуэр зи кІэпкъ дзэыгъэззгъа Тырку сэгъэйр иджьпстуи нэхъуеинщэу фейдэщІэхт. Курыш хъанхэрати, Чынгызыжьым и лІэужьу залъытэжырт, абы кьыжэкІыуи, адэгъэ зэгуэр Чынгызэ-хъаньмэ тІыщІэкІэ Іулъхьэ къуэды зытрикъуа Къэбэрдей щІыналъэр иджы езыхэм я адэжь щІэину закъыфІэщІыжьт. Зэрытым илпэрэ зэрыпІым щІылэбзу къэгъуэгурыкІуэ хъанадзэм Къэбэрдейр яуфэкъа пэтми, Кьрымым зигъэнщІыртэкъым.

Быныжмкіэ, мыпІукІэ къызэтеувыІэрэ

Матэтез

●Адыгэбзэм щыщщ

Къаныбэ хьэлыуэ

Тхьэрхэт

«Зи кхъуакIэр баф, зи тхыпхъэр трамэ»

Къобэрдейм хьэIусыпэ зрагу исыр Ашабэхэ я нысашэм къэкIуэлIат, жаIэ. Уэркъ щауэхэм нащхьэIущхьэкIэ зыхуагъэлъагъуэ хъыджэбзхэр гъуэрыгъуэурэ джэгутетым къахудишурэ джэгур зэригъакIуэрт. Еуэвкlауэ зэхэт хъыджэбз гупым Бабыгу и къуэр яхэплъэри, щIыкIафIэу икIи лъагъуэуфIэу зы дахэнабдзэ къахилъагъукIащ, «Зи кхъуакIэр баф, зи тхыпхъэр трамэ хъыджэбзыр къыскудэш», жриIащ, жаIэ, Бабыгу и къуэм, джэгутетым зыхуигъазэри. Джэгур зезыгъакIуэри хуэмыхутэкъыми, Бабыгу и къуэм зи гугъу ищIыр хэтми къыцIыхуащ – Трамэхэ япхъу гъэфIам жыхьэр мащIэу кърыри гъэхуэкIыу хъыджэбзхэм яхэтт.

ДЫЖЬЫНЫГЪУЭ щауэм псоми къахиубыдыкIа дахэнабдзэр зыщыщыр щIыгъуэ жыхьэм хэщIыхьа тхыпхъэмкIэ къыщIат, ущIэупщIэ зэрыхъунри абы и кхъуакIэхэщIэкIэмкIэ къыгурыIуат. ЗэраIуэтэмкIэ, джэгу хьхьэ хъыджэбзым и гурыIъгурыщIэ Iэхухэм щыгъуаззу унагъуэм ис бзылъхугъэ нэхъыжьым жьыху кхъуакIэхэм щащIэу зэIуца шылэ Iуданэ птыжьхь хищIэр – псэпсыхъу зэрымыIэри, Iэужь зэрымытари абы къИуатэрт. Бабыгу и къуэми кхъухдаша Трамэхэ я пхъур джэгум хишауэ ирашэ нысащIэ цIыкIур илъэскIэ дэсыжауэ кхашэжу арат. Джэгушхуэ зэрыщыIэнур къапщIэу, хуабжьу зыхуагъэхъэзырырт. Щоджэн Сэфаршхуэ жьыхуаIэм илпхъэхри темыпIэжу пэплъэрт а махуэм. Абы зы мазэ хуэдиз иIэжу Щоджэнхэ жьыху щIыхьэху зэхуащIэсащ. Щомахуэхи аращ ящIар. ЕщIапхъэ къэмынэу жьыхур хьэзыр щIыхъум, щIыхьэху цIыхубз я хэхьжьхэм ящIащ зыр щIэупщIащ: тхыпхъэу хэтлъхьэнур сыт, жиIэри. Зэшыпхъуэм хьэблэу хэт Бешкъэзакъхьэблэм кIыззэр **ТкIыЗЭУ** кьапсэлъ. Пкъы иIэу, и лантIагъэми пхъашагъ хэлъу щыт къэкIыгъэхэм щхьэкIэ аращ жаIэр. КIызэр цIыхубзыцIэуи адыгэм къудогъуэгурыкIуэ, нэщэнэрэхьыджэбз щэнкIэ адыгэм зэрафIэгурыхьу щытар кхьихэщу. КъэкIыгъэхэмрэ хьэцэпэщэ жэпкъхэмрэ кхьихащIыкIыу зэрыщытам иупх хьунущ пасэрей жьыхуэхэм ящыщ куэд ди деж кхъэзэрымысар.

Арджэн щIыкIэм кхъэзэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу ещхьщ жьыхум и щIыкIэри, нэхъ тэрэзу жьыпIэнумэ, зэIуГъэщкIэри. Арджэным и щIыныр цеищэ пкъом епхамэ, жьыхур **ЖЬЫХУ IЭНЭЭДЭКIЭ** ящIырт. Щэджэм, Аруан, Пэсхэн, Тэрч щIынальэм щыпсэуэхэм **ПХЪЭЭЭФIЭБ-ДЗЭ** жаIэу урихьэлIэнчщ, Тыркум ит Iуэнейлэ ис адыгэхэм я деж **ЖЬЫХУАДЭ** псалъэр щызэкIуэ, Джолан теса адыгэхэм **ДЫГЪ** жаIэу къэкIуэкIащ. Жьыху Iэнэр зи къуапэхэр зэхуэдэ пхъипIыр плимэу зэкIэрыIуIлаУэ зы щапхъэщ. И бгъуагъкIэ хъэ щыкIуу, и кIыхьаргкIэ бгъуагъым нэхърэ тIурэ ныкъуэкIэ нэхъ кIыхьу.

Жьыху Iэнэм и бгъуитIымкIэ **IЭНЭДЭЗХЭР** иIэщ, и щхьэкIэ щыIэм и дзэхэр зы гъунэм Iутмэ, и лъабжьэкIэ щыIэр адрей гъунэмкIэ Iуту. Щоджэнхьэблэ, Бешкъэзакъхьэблэ щыщхэм псалъэр я бзэм зэрыхэтэр **ЩЫНЭДЗЭУЩ**. Iунэу хаукIэр зэрыщIыкIым кхьихокI фIэщыгъэр. Iуданэр щрашэкIэ, зэблэдза мэхъури, IутIанэр е хьэуазэр дэлъхьэгъуафIэ мэхъу, **ДЖАГЭФТЫМКIИ** Iэрыхуэу зэгъэгъэзэгъаи мэхъу. Джатэфтыр **ЩЭНДЖАТЭ** лIэужьыгъуэщ, кхьэзэрыщхьэщыкIыр зэрыщIыкIу къудейращ. Тхыпхъэ хэмылъу зэгъагъэзагъэ IутIанэм е хьэуазэм зэрреджэр **ЖЬЫХУ ЛЪЭГУЩ**. Тхыпхъэхэр Iэ́ззу е тIэ́ззущIыхьыжьын хуэмейуэ щыхэлъхьам деж **ЖЬЫХУ УНЭ КЪИЩIЫКIАЩ** жаIэ.

Унагъуэм щызэрахьэ жьыхуу лIэужьыгъуэхэм зэреджэр **ЖЬЫХУБАРЭЩ**. Ахэри куэд мэхъу: гущэм хапха нанум, сымаджэм щхьэщысхэм жьы ирищIрагъэхуу, дунейр уэм хъуарэ хуабэзэхмэ, нэжь-Iужьхэмри я нэгуми ирищIэзблахьу. Сабийхэм жьы зэрыщIрагъэху жьыхухэм **БАБУКIЭ** еджэрт. Зи щхьэ зи жагъуэм жьы мащIэ тIэкIу зэрыщIрагъэху жьыхум щхьэкIэ **БЭРЭШЭ** жаIэрт. Жьыхубарэхэм тебзи щIэбзи ямыIэу, къызыжэщIыкIа IутIанэм е хьэуазэм и пIанапIэр къаплъэу зэрахьэрт. КуэдкIэ нэхъ иужькIэщ **ЖЬЫХУ ТЕБЗЭХЭР** къыщежьар. Жьыху лъэгум къздабэ щэкIыр трабэрти, ар и гущIыIукIэ щхьэж зэрыхуэIэрэхуэу игъэщIэращIэрт.

Жьыхур къеджэрэзэкIыу зрагъэбыдылIэ пхъакъуэм **ЖЬЫХУКIКIЭ** йоджэ. Жьыху тхъэмпэр жьыхукIым зэрыкIэрыпхэр **ЖЬЫХУКIУМЭЩ**. Жьыхукиныр Iыхьи-тIу зэхэтщ: **ЖЬЫХУ-ЩIХЬЭРЭ ЖЬЫХУ УБЫДЫПIЭУ**. Жьыхущхьэм **ЖЬЫХУНЭХЭР** хуащI, ахэр ентIырэм ещхьыфэу пхъэкIым къыхэпIиикI гъмыщIэхращ. Жьыхунэ къэ зы жьыхукIымэ хуоэз. ЖьыхукIымэр щы нэхъыбэ хъумэ, къуапэхэр зэрызелъафэ, къуапэхэр зэмыдэIуэж мэхъу, жаIэу щытащ. ЖьыхукIымэм щхьэкIэ Бешкъзакъхьэблэхэм жаIэ. Жьыху убыдыпIэми **ТХЪЭКЪУЩ ИРАДЗ (е ТХЪЭКЪУЩ ИРАДЗ**), щхьэж зэрыфIэдэхэу, щхьэж зэрыфIэгунэсу зыхуей дамыгъэр тедзэн, жьыхуиIэщ.

Жьыху лъэгумрэ жьыху тебзэмрэ зэрыгъуэта нэужь, пхъэкIым палъхъэм зэрреджэр **ЖЬЫХУ ТХЪЭМПЭЩ**. Жьыху лъэгур тебзэм къыдэмыщIэтын папщIэ и нэзыр **УАГЪЭКIЭ** ягъэбыдэжьыр, е, **ДЭНЫКIУЭКIЭ ИРИКIУЭ-ТИ, ДАДЫМКIЭ ЯГЪЭ-ТIЫСЫЖЫРТ**. IутIанэмрэ (хьэуазэмрэ) щэкIымрэ зэрызэрагъуI щыкIэращ дадымкIэ ягъэтIысыж жьыхуаIэр. Дадымыр Iуданэ лIэужьыгъуэщ. Зэпычыгъуеийуэ щыт Iуданэжэр щащIэ-плIащIэу зэIущащэри, къыхэкIам **ДАДЫМКIЭ** е **ДАДЫМ IУДАНЭКIЭ** еджэрт. Жьыху тхъэмпэм и къекIуэкIыгъуэ иплIымкI къекIуэкIыкъ къэс дадымгъэтIысым щIэрыщIэу хуежьэжьырт. Дадым гъэтIысыгъуэ къэс я зэхуаужм иIэ зэпыщIанIэм **ТIИНЭКIЭ** йоджэ. МащIэу къыхэтIеикIыу нэхэр къызэрыхэпIыным щхьэкIэщ апхуэдэу щыжаIар.

Бэлъхъугъэм Iэпэщысэ папщIэу зэрахьэ хъуа жьыхуэм зэреджэр, язныкъуэхэри зэреджэр **ГУащIэ ЖЬЫХУщ**. «Жьыхуэадэ» фIэщыгъэр къызыхэкIыр тхыпхъэрэ щIыпхъэу халъхьэм я къихыкIэкIи, я зэхэлъыкIэкIи къызэрымыкIуэу зэрыщытырт, Iэзагъ ин хэплъхьэкIэрэ къэгъащIын зэрыхуейр. Илэжьыпкъ, и цIэм хуэфащэт и щыкIэр. Гуащэ жьыхуэр я щIыкIэкIи, къызыхахкIи жьыхубарэм къыщхьэщыкIыркъым. Ауэ, къызэрыхэщащи, я гъэщIэрэщIэкIэкIэ унейщ, щхьэхуэныгъэкэр яIэщ.

Жьыхум тхыпхъэу халъхьэр зэщхьтэкъым. Хэти зэрыфIэгунэс хуэдизт жьыхур зэригъэщIэращIэр. **ЖЬЫХУ КХЪУАКIЭБАФ-ХЭР** зыщIахэр елIэлIэпауэ къалытэрт. ДадымкIэ ягъэтIысыжа жьыху тхъэмпэ нэзым кхъуакIэ къыдэпхьжыным гуащIэ ихьым и мыхакъуэу, шыIэныгъэшхуи Iэпэ́эсагъэшхуи епхьэлIэн хуейт. Яэныкъуэхэм ар апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэныщIэу къыдахыри, **КХЪУАКIЭБАФ ЩХЪЫЩХЪЫМ** жьы мащIэ къыпихуу жаIэрт.

Тхыпхъэ лIэужьыгъуэщIэ куэд щыIэщ и теплъэ къудейм екъэлIауэ, ауэ къарыкIымкIэ ахэр зи IэдакъэщхьэкIэрат псалъэ зейр. Жьыху тхыпхъэхэм я фIэщыгъэу зэхэтхащ **ТРАМЭЩУ, АМIКIЫ, КХЪУЕИХЬЭПЫ-ВЭ, МАТЭТЕЗ, ДЖЭДГЪЭФ ТХЫПХЪЭ, КУДЭХ, ТРАМЭЗЭХЭЛЪ, ТРАМЭЗЭТЕС, МАТЭХЪУРЕЙ, АЗЭПЩЕЙ КЪАН**, нэгъуэщIхэри. Гу лъытапхъэщ адыгэ цIыхубз фащэми жьыхум кхьыхакъутыкI тхъпхъэхэр трапхъэу зэрыщытар. ЗыхуэпэкIэ екIум и хабзэт ар, нобэ джанэм е бгырыпхым и плъыфэр вакъэм екIуу щытын хуейуэ зэрагъэувым ещхьу.

ЗэрыжьытIащи, иджырей жьыхур цIыхубз Iэмэпсымэу къощIэрэщIэж. IэщIагъэм епха псалъэхэри мыкIуэдыжу къэзытенэныр адыгэбзэм и зэфIэкIыр зыхъумэ зы Iэхъущ. Жьыхум и щыным епха фIэщыгъэхэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэми ущрохьэлIэ, иджыри куэд утыку щIыжьын хуейуэ зэрыщыIэми и шэсыпIэ аэр йоувэ.

Тхуэзэгъэпэщ мащIэр куэд зыщыфщI!

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ къуажэ

КузэхэкI

АмкIы

Тхьэрхэт

● Лъэпкъ проект

Къэрал программэм ипкъ иткIэ

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Псыхъурей къуажэм 2020 гъэм щауэунущ унэтIынынгъэ куэд къызэщIэзыубыдэ спорт комплекс.

АБы И инагъыу щытынущ метр зэбгъуэнатIэ 2000-м щIигъу. Комплексым хэтынущ иджырей мардэхэм къизагъэ университ спорт пэш, стIолыщхьэ теннис щыджэгу плланэпэ, тренажёрэмкIи къызэрагъэпэщынущ. КъищынэмыщIауэ, къулыкъущIапIэ, медицинэ пэшхэр, зэIущIэхэм епIыныну къакIуэхэм папщIэ балконхэр иIэнущ. Комплексым щIыкIэжьэнущ бэнэкIэ хуитымкIэ, дзюдомкIэ, самбэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи секцэхэр.

Спорт комплексыр яухэунущ «Демография» лъэпкъ проектым хыхьэ «Спортыр ди гъащIэм быдэу пыщIащ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ. Лэжьыгъэхэм мыгувэу щIадзэнущ икIи дыззрыт илъэсым и кIэхым зэфIагъэкIыну я мурадщ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Гъуэгу къежьапIэ

Есэпым и къэгъэIурыщIакIуэ Ерыджокъуэ Аэзмэт

Гупсысэр зи лъабжьэ есэпымкIэ мы махуэхэм Мэзкуу щекIуэкIащ «ALOHA Mental Arithmetic» зи фIэщыгъэ IV Урысейпсо зэхьэзэхуэхэр. Еджакlуэ 300-м щIигъу зэхуэзышэса а зэпеуэр, хэтынухэм я ныбжьрэ лэжьыгъэу ягъэзэщIэн хуейм и гугъуагъымрэ ятеухуаУэ, гуп 21-уэ зэхэкIыжырт.

ХьЭРХУЭРЫМ хэт ныбжьыщIэхэм дакъикъитхум къриубыдэу есэп лэжьыгъэ 70 ящIыжын хуейт. ЗэхэщIыкIыгъуэу жэуапхэр тхынри зэпеуэм хэтхэм я кIэн къизыгъэкI Iэхуэгъуэт.

Къыхуагъэува къалэным Къэсейхьэблэ (Бахъсэнёнок) щыщ **Ерыджокъуэ Аэзмэт** зы щыуагъи химыщIыхьу пэльэщащ. И ныбжьэгъу цIыкIуэр зыхэт гупым ар пашэ щыхъуащ, бжьыпэри псоми яфIыкъащ.

Ерыджокъуэхэ я щIалэр илъэси 8 хъуэу аращ, етIуанэ классым щоджэ, гупсысэр зи лъабжьэ есэпым зэрызритри куэд щIакъым.

- Аэзмэт пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зригъэгъуэта щIэныгъэр урысейпсо утыкум щигъэлъагъуэри, зыпеуа псоми ятекIуащи, ар куэд и уасэщ, - жаIэ гушхуэу абы и адэ-анэм.

ТекIуэныгъэр зыIэрызыгъэхьа щIалэщIэр есэпым и мызакъуэу, кикбоксинг спорт лIэужьыгъуэми дехьэх, абыкIи ехъулIныгъэ хъарзынэхэр зэрызыIэригъэхьэфынымкIэ гугъапIэхэри уегъэщI.

Аэзмэт нэхъри ефIэкIуэну, къызыхэкIа лъэпкъым и набдзи хъуну ди гуапэу дохъуэхъу!

ШУРДЫМ Динарэ.

● Уафэщ1хэр

Жыхьэнмэм хуагъадэ планетэ

КIэи пэи зимыIэ хьэрщым и зы къуэгъэнапIэу къалытэ Бдзэжьейхэм я Вагъуэбзм (Созвездие Рыб) астрофизикхэм иджыблагъэ къыщагъуэтащ, и щIыгум къыщIэщ «уэшхыр» **зэрыгужьеиГъуэ дыдэм къыхэкIыу, жыхьэнмэм хуагъадэ планетэ шынагъуэ**.

ГъЭщIэГъУэныР аращи, уафэщI жыжьэм и щхьэфэм жэщкIэрэ техэр дэ дыззсэжа псыгъэм хуэдэкъым, атIэ, хьащIыззщIэпIъэкIэ бахъэ щыхъуурэ щыуПщIыIужкIэ ткIуаткIуэу щыззэрыубыдыж гъущI ткIуэпсэжщ.

WASP-76b нагъыщэр зрата, гъуэзу зэхэуэхэна пшэ Iувхэр зыщхьэщыт планетэ абрагъуэр ди Дыгъэм къедза Юпитерым нэхърэ зымащIэкIэ нэхъ псынщIэми, и зэпрыуплэр хуэдэ 1,8-кIэ нэхъ инщ. УафэщI жыжьэм и щхьэфэм хуэдэр махуэ шэджагъуэм Цельсий и пщалъэмкIэ градус 2400-м щынобланщэ, ар жэщыкум градус 1500-рэ щохъу.

Абы щыгъуэми зыкъэгъэщщыпхъэщ, зи гугъу тщIы планетэр зэкIэрэхъуэкI и дыгъэм, ар сыт хуэдэ зэман ирехъуи, зыбгъукIэ фIэкIа зэрыхуэмыгъэзари. НэгъуэщIу жыгIэмэ, а планетэм и щIылъэныкъуэм щынэху зэпытщ, адрейм - дапщэщи щыкIыфI зэфэззэщщ.

ГъущIыр къыщIызэщIапльэу бахъэ щыхъур - я ды-гъэр зытепсэгъ, ткIуэпс жьэражьэу къыщеткIухьжыр - зэпымыуу жэщ здэщыIэрщ. ЛъэныкъуитIым апхуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэ щIаIэр жьышхуэхэр, увыIэгъуэ ямыIэу, а планетэм къызэрыщепщэрщ, ауэ щыхъукIи, бахъэ теплъэ зыгъуэта «гъущIыпшэхэр», я пIэ иззгъэнкIэ Iэмал ямыIэу, и уэгум зэрыщIэзэрызэхьэрщ.

УафэщI жыжьэм и щIы щхьэфэм «дунейм и щытыкIэм» тельыджащэу зэрызыщIхъуэжьым астрофизикхэм гу лъэзыгъэтар абы къыпхъэпсыкI нурым зэрызиубгъу и спектрым и дисперсие пIьагэ Iыхьэм далъэгъуа нэщэнэхэщ. Иджы щIэныгъэлIкIэр темыпыIэжу поплъэ, Уэбб Джеймс и цIэр зэрихьэу (James Webb Space Telescope - JWST), технологие зызыужьхэзр я тегъэщIапIэу зэпкърапъхьа телескопыщIэр, «Хаббл» зи фIэщыгъэм нэхърэ нэхъ лъэщыжыр, ЩIым и хъуерягъыр къэзыльэтыхь обсерваторием щагъэлажьэу гъэ къакIуэ щрагъэжьэну пIалъэм. Астрофизикхэм къызэральытэмкIэ, а Iэмэпсымэщ1эр Iэмалыфlщ «экзопланетэ» зыхуаIэ уафэщI жыжьэхэр уэрдыхъум хуэдэу къэзыгъэреихь я атмосферэхэм я лъащIэм щIэплъэнымкIи къыщекIуэкIхэр нэхъ IупщIу зэхэгъэкIынымкIи.

ТХЪУМАХУЭ Аслъэн.

Кузэхэкl

Къангъафlэ

Кузэхэкl

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэныдэж Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩЫхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-57-36; хабзэхъумэ Iуэхуцапlэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; узышIагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхутыгъэхэм я нэжагъмкIэ къэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитынныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуцапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.152 ● Заказ №625